# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

### BASLAWÍSH KLASSLARDA SABAQ PROCESINDE INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANÍW IMKANIYATLARÍ

**P.I.Abdalieva -** *úlken oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** interfaol, interfaol ta'lim shakllari va turlari, interfaollik.
**Ключевые слова:** интерактивность, формы и виды интерактивных обучений.
**Key words:** interactivity, forms and tupes of interactive training.

Oqıtıw metodların jetilistiriw tarawındağı tiykarğı bağdarlarıń biri interaktiv oqıtıw hám tárbiya usılların en jaydı. Ásirese, baslawısh klasslarda sabaq procesinde inretaktiv usıllardan paydalanıw oqıwshılardıń pánge bolğan qızığıwshılığın asırıp, unamlı nátiyjelerge alıp kelmekte. Interaktiv metodlardı qollaw nátiyjesinde oqıwshılardıń erkin pikirlew, talqılaw, juwmaq shığarıw, óz pikirlerin erkin bayan ete alıw, óz xızmetin basqara alıw, erkin qarım-qatnas jasay alıw, básekilesiw kónlikpeleri qáliplesip, rawajlanıp baradı.

Interaktiv metodlardıń pedagogikalıq-psixologiyalıq tiykarları konstruktivizm teoriyası (Dj.Dyu), bala intellektiniń rawajlanıwı (J.Piaje), eń jaqın rawajlanıw tarawı (L.S.Vıgockiy), intellekttiń kóp túrliligi (G.Gardner) hám de joqarıda bayan etilgen oqıw maqsetleri taksanomiyası (B.Blum) haqqındağı mağlıwmatlardan ibarat bolıp, olardı biliw hám ámelde paydalanıw hár bir oqıtıwshığa óziniń pedagogikalıq sheberligin jetilistirip barıw ushın zárúr. Interaktiv metodlar XXI ásir bilimlendiriw sistemasında oqıtıw sıpatın jaqsılaw, nátiyjeliligin támiyinlewdiń biri esaplanadı. Izertlewler nátiyjesi sonı kórsetedi interaktiv metodlar birinshi ret XX ásirdiń 20-jıllarında qollanılğanlığınan derek beredi. Ótken ásirdiń 60-jıllarında V.A.Suxomlinskiy, 70-80-jıllarda Sh.A.Amonashvili, V.F.Shatalova, Yu.N.Il'ina hám basqa alımlar tárepinen oqıtıw procesine interaktiv metodlardı nátiyjeli qollanıw barısında ilimiy izertlewler alıp barılğan.

Sózlikte beriliwinshe «interaktiv» (inglizshe «interact» sózinen alınğan bolıp «inter» óz ara «act» háreket etpek) túsinigi óz ara birgelikte háreket etpek degen mánini ańlatadı.

Inteaktiv oqıtıw – oqıwshılardıń bilim, kónlikpe, uqıplılıq hám kompetenciyaların rawajlandırıw jolındağı óz ara birgeliktegi háreketke tiykarlanğan oqıtıw esaplanadı [1:22].

Interaktiv metod-bul jámáát bolıp pikirlew dep júritiledi, yağnıy pedagogikalıq tásir kórsetiw usılları bolıp oqıtıw mazmunınıń quramlı bólegi esaplanadı. Bul usıllardıń ózine tánlıgı sonnan ibarat oqıtıwshı, oqıwshı hám oqıwshılar toparı arasında júzege keletuğın birge islesiw qızğın báseke pikirlesiwler tiykarında ámelge asırıladı.

Inteaktiv metod oqıtıw processinde oqıwshılar hám de oqıtıwshı arasındağı aktivlilikti asırıw arqalı oqıwshılardıń bilimlerdi ózlestiriwin aktivlestiriw jeke sıpatların rawajlandırıwğa xızmet etedi. Inteaktiv metodlardı qollaw oqıtıw natiyjeliligin arttıradı. Inteaktiv metodlardın tiykarğı kórsetkishleri: rásmiy emes báseke - pikirlesiwler ótkeriw oqıw materialın erkin bayan etiw hám súwretlep beriw imkaniyatı, teoriyalıq bilimler alıwdıń sanınıń kemligi, ámeliyatlar sanınıń kópligi, oqıwshılardıń baslamalıq kórsetiwine imkaniyatlar jaratılıwı, kishi topar, úlken topar, klass jámááti bolıp islew ushın tapsırmalar beriw, jazba islerdi orınlaw hám basqa metodlardan ibarat bolıp, olar tálim-tárbiyalıq islerdiń nátiyjeliligin asırıwda ózine tán áhmiyetke iye.

Inteaktiv metodlar kóp túrli bolıp olardıń hámmesi de hár qanday progressiv usıllar sıyaqlı eń dáslep oqıtıwshıdan sabaq aldınan úlken tayarlıq kóriwdi talap etedi.

Interaktiv sabaqlardıń tiykarğı ózgesheliklerin onıń dástúriy sabaqlardan parqların N.Muslimov óz izertlewlerinde kórsetip ótken [2:34]. Biz usı ózgesheliklerdi baslawısh klasslarda qollanıw barısın tómendegi kestege muwapıq islep shığıw arqalı anığıraq kóz aldımızğa keltiriwimiz múmkin. Sol maqsette tómendegi tablicanı keltirip ótemiz:

**1-keste**

| № | Tiykarğı túsinikler | Dástúriy sabaq | Interaktiv sabaq |
|---|---|---|---|
| 1 | Qollanıw dárejesi | Barlıq temalar boyınsha olar ushın qolaylı bolğan sabaq túrleri formasında qollanadı. | Ayırım temalar boyınsha interaktiv sabaqtıń qolaylı bolğan túrleri formasında qollanadı. Basqa temalar ushın dástúriy sabaq qollanıladı. |
| 2 | Sabaq maqseti | Sabaq teması boyınsha bilim kónlikpe, uqıplılıqlardı qáliplestiriw hám bekkemlew | Sabaq teması boyınsha erkin pikirlew, sheshimge keliw, olardı bayan etiw hám qorğap shığıwğa úyretiw. |
| 3 | Oqıtıwshınıń wazıypaları hám jumıs usılları | Jańa temanı túsindiriw, bekkemlew, baqlaw hám tapsırmalar beriw. | Oqıwshılardıń óz betinshe jumısların hám prezentaciyaların shólkemlestiriw, basqarıw, baqlaw, juwmaqlawshı sheshimlerdi tiykarlap beriw. |
| 4 | Sabaqqa tayarlıqqa qoyılatuğın talaplar | Sabaq jobası konspekt hám didaktikalıq qurallardı tayarlaw. | Inteaktiv sabaq islenbesi, óz betinshe jumıs ushın tapsırmalar tarqatpa materiallardı tayarlaw |
| 5 | Oqıwshılardıń sabaqqa tayarlığı | Aldıngı sabaq boyınsha tapsırmalardı orınlaw. | Jana sabaq teması boyınsha tiykarğı túsiniklerdi hám dáslepki mağlıwmatlardı biliw. |
| 6 | Oqıwshılardıń wazıypaları | Oqıtıwshını tınlaw hám ózlestiriw, berilgen tapsırmalardı orınlaw. | Oqıtıwshı bergen tapsırmalardı orınlaw boyınsha erkin pikirlew, óz pikir sheshimlerin basqalarğa salıstırıw hám juwmaqlawshı sheshimge keliw. |
| 7 | Waqıt bólistriliwi | Sabaq waqtınıń kóp bólegi oqıtıwshınıń jańa temanı túsindiriwi, analizlewi, tapsırmalardı túsindiriwdi ózlestiriwdi qadağalawğa sarplanadı. | Sabaq waqtınıń kóp bólegi oqıwshılardıń erkin tapsırmalardı orınlawı, pikir almasıwı, básekilesiwi óz juwmaqların bayan etiwleri hám qorğawğa sarplanadı. |
| 8 | Sabaqtıń modul hám algoritmleri | Sabaqtıń modul hám algoritmlerden hár bir oqıtıwshı ózi qollanıp atırğan metodqa muwapıq paydalanadı. | Hár bir sabaq aldınnan tayarlanılğan moduller hám algoritmlerge proektlerge muwapıq ótkeriledi. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 9 | Oqıwshılardan talap etiletuǵın aktivlilik dárejesi | Oqıtıwshı hár tárepleme aktiv, oqıwshılar dıqqattı jámlew, túsiniw, pikirlew, tapsırmalardı orınlaw boyınsha aktiv. | Oqıtıwshı da oqıwshı da hár tárepleme birge islesedi |
| 10 | Bilimlerdi ózlestiriwdiń tiykarǵı usılları | Sóylesiw, pikirler talası, analiz aytıp beriw h.t.b. | Sóylesiw, pikir-almasıw, báseke, pikirler talası, analiz, aytıp beriw h.t.b. |
| 11 | Sabaq formaları | Lekciya, seminar, ámeliy, laboratoriya, ortalıqtaǵı sáwbet, báseki, pikirlesiw, konsul`taciya. | Lekciya, topar yáki jup bolıp islesiw, prezentaciya, báseki, óz ara sawbeti, ámeliy isler. |
| 12 | Kútiletuǵın nátiyje | Tema boyınsha oqıwshılardıń bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlarınıń ózlestiriliwi. | Tema boyınsha oqıwshılardıń óz pikir sheshimlerin qáliplestiriw olardı erkin bilim alıwǵa baǵdarlaw. |

Baslawısh klasslarda dástúriy emes oqıtıw texnologiyaları tiykarında oqıtıw procesi shólkemlestirilgende oqıwshılardıń intellektuallıq hám biliw qábiletleri hám de ishki sezimleri rawajlanıp barıwı menen birgelikte dástúriy sabaqlarǵa qaraǵanda joqarı dárejedegi nátiyjelerge kepillik beredi. Haqıyqattan da oqıtıwdıń barlıq basqıshlarında buǵan zárúrlik sezilmekte. Mısal retinde baslawısh klasslarda matematika sabaǵın oqitiwda interaktiv metodlardan paydalanıw usılların kórip shıǵamız. Búgingi kúnde baslawısh matematikanı oqıtıw processinde oqıwshılar tábiyat hám jámiyetimizde payda bolatuǵın waqıya-hádiyselerge óz pikirlerin bildiriwi sonıń menen birge kúndelikli turmısında júzege kelgen mashqalalı jaǵdaylardı óz betinshe sheshimin taba alıwları ushın erkin hám dóretiwshilik pikirlewdi payda etiw kerek. Oqıwshılar oqıw-biliw xızmetlerinde jańa bilim hám maǵlıwmatlardı májbúriy ózlestirmesten bálkim qızıǵıp úyrense oqıtıwdaǵı nátiyjelilik joqarı boladı. Interaktiv metodlardan paydalanılǵanda oqıwshılar ózleriniń haqıyqıy matematikalıq pikir hám ideyaların anıq maqsetke qaray baǵdarlaydı hám júzege shıǵaradı. Oqıwshılardıń izleniwleri hám dóretiwshilik pikir juritiwleri arqalı pikirler tezligi, kóp variantlılıǵı hám de anıqlıǵı sıyaqlı pedagogikalıq-psixologiyalıq jaǵdaylar júzege keledi.

Pikirlerdiń tezligi-eki komponentli yaǵnıy matematikalıq mısal hám máselelerdi sheshiw tezligi hám másele sheshiliwiniń anıqlıǵın óz ishine aladı. Pikirlew procesiniń kóp variantlılıǵı - bul júzege kelgen hár bir ideyadan másele sheshimine alıp keliwshi basqa ideyaǵa ótiw esaplanadı. Basqasha etip aytqanda, qoyılǵan máseleniń tuwrı sheshimine alıp barıwshı bir yáki bir neshe usıllardan paydalanıwdan ibarat.

Pikirdiń anıqlıǵı – qoyılǵan matematikalıq mısal hám máseleler sheshiwde shamalap shegaranı biliw hám pikirlew arqalı anıq isenimli juwaplardı payda etiw.

R.Ishmuxammedovtıń kórsetiwinshe interaktiv metodlardı sabaq procesinde qollaw oqıtıwshı hám oqıwshınıń innovaciyalıq iskerligi menen ózara tıǵız baylanısqan eki processti óz ishine aladı:

- oqıtılatuǵın shaxstıń innovaciyalıq oqıw xızmetin shólkemlestiriw:
- innovaciyalıq oqıw iskerligi ústinen qadaǵalawdı shólkemlestiriw [1:59].

Ádette, interaktiv oqıw sabaǵınıń tiykarǵı basqıshları tómendegiden ibarat:

1. Sálemlesiw (oqıtıwshı hám oqıwshılar)
2. Kiris sózi - oqıwshılarǵa sabaqta inteaktiv oqıtıwdıń qaysı túrinen paydalanıw sabaq teması forması hám maqsetleri menen tanıstırıw lazım. Kiris sózi qısqa hám anıq bolıwı kerek.
3. Qaǵıydalardı islep shıǵıw - topardıń nátiyjeli islewi ushın qaǵıydalardı belgilew boyınsha oqıwshılardıń usınısları soraladı. Sol usınıslar tiykarında olar tárepinen qaǵıydalar islep shıǵılıp qabıl etiledi. Bul qaǵıydalarǵa ámel etiwdi qadaǵalawdı tek ǵana oqıtıwshı emes oqıwshılar da alıp barıwı kózde tutıladı.
4.Tanısıw (muzyorar)-qatnasıwshılardıń sabaqta óz ara erkin hám aktiv qatnasların támiyinlew maqsetinde hár túrli háreketli shınıǵıwlardı shólkemlestiriw arqalı ótkeriledi. Bul shınıǵıwlardı oqıwshılar arasındaǵı tanıs emeslik, tartınshaqlıq hám t.b.jaǵdaylardı saplastırıp óz ara jıllı múnásebetlerdi payda etiwge baǵdarlanǵanlıǵı ushın «muzyorar» dep ataladı.
5. Kútiletuǵın nátiyjeler hár bir oqıwshı sabaq aqırında nelerdi úyreniwi qanday islerdi orınlay alatuǵınlıǵı haqqında maǵlıwmat berilip bunda oqıwshılardıń jeke zárúrlikleri tiykarında jazba yáki awızeki ráwishte bildirilgen baqlawları da esapqa alınadı.
6. Kishi toparlarǵa ajıratıw-sabaq maqsetine muwapıq tárizde oqıwshılardı bir neshe toparlarǵa ajıratqan halda wazıypalardı orınlawın shólkemlestiriw ushın hár túrli háreketli shınıǵıwlar formasında ámelge asırıladı. Kishi toparlarǵa birinshi márte ajıratıwda oqıwshılar óz ıqtıyarlarına qaray toparlarǵa bóliniwi múmkin. Keyingi gezekte tosattan kishi toparlarǵa ajıratıw qollanıladı.
7. Kishi toparlar jumisin shólkemlestiriw- hár bir kishi toparǵa anıq wazıypa kerekli maieriallar qurallar usınıladı wazıypanı orınlaw nátiyjeni málim etiw tártibi hám ajıratılǵan waqıt belgilenedi.
8. Prezentaciyalar-kishi toparlar ózlerine berilgen wazıypalardı orınlaǵannan keyin alınǵan nátiyjelerdi olar belgilengen wákil tárepinen barlıq toparlar aǵzaları aldında prezentaciya etiwden ibarat. Bunday prezentaciya jeke tártipte berilgen wazıypanı orınlaǵan bir oqıwshı tárepinen de ámelge asırılıwı múmkin.
9. Kishi lekciyalar- interaktiv shınıǵıw teması boyınsha oqıwshılarǵa teoriyalıq maǵlıwmatlardı jetkeriw maqsetinde oqıtıwshı tárepinen ótkeriledi.
10. Talqılawlar ótkeriw - sabaq temasına tiyisli máseleler boyınsha birgelikte pikir júrgiziw hám sheshimler qabıl etiwge baǵdarlanǵan interaktiv shınıǵıwlardan ibarat.
11. Juwmaqlaw hám wazıypalardı belgilew - sabaq dawamındaǵı juwmaqlardı jámlew hám ulıwmalastırıw hám de oqıwshılar ushın náwbettegi wazıypalardı belgilep beriwden ibarat.
12. Sabaqtı juwmaqlaw-sabaqtan qanaatlanǵanlıq dárejesin hár bir oqıwshı tárepinen bahalawdı hár túrli inteaktiv formalarda shólkemlestiriledi. Bul bahalaw nátiyjelerin keyingi sabaqlardı shólkemlestiriwde esapqa alınadı.

Interaktiv oqıtıwdıń tiykarǵı formaları: úlken sheńber, sharqpálek, akvarium kishi toparlarda islew hám basqalardan ibarat bolıwı múmkin.

Interaktiv oqıtıwdıń tiykarǵı usılları: interaktiv seminar trening, lekciya, aqılıy hújim, issheńlik oyını, rolli oyın, báseke, kritikalıq pikirlew, skarabey, bumerang, zig-zag, press intervyu, shınjır, insert, súwretli diktant h.t.b. Sonıń menen birge, sonı da aytıp ótiw kerek interaktiv sabaqlarda forma hám usıllar birgelikte bar bolıp olardı shártli túrde ǵana ajıratıw múmkin.

Solay etip, interaktiv metodlar oqıtıw sıpatın jaqsılaw, nátiyjeliligin asırıw, oqıwshı, oqıtıwshı hám oqıwshılar toparı ortasında birge islesiwdi qáliplestiriw asırıw, jeke maqsetke qaray umtılıw hám de shaxstıń ishki imkaniyatların júzege shıǵarıw sıyaqlı áhmiyetli

wazıypalardı ámelge asırıwda áhmiyetli faktor bolıp xızmet etedi. Demek, interaktiv metodlardı baslawısh klasslarda qollanıw arqalı oqıwshılardı tek ǵana matematikalıq bilimlerin rawajlandırıp qoymastan olardıń alǵan bilimlerin kúndelikli turmısta qollawǵa da járdem beretuǵın metodlar esaplanadı.

## Ádebiyatlar


1. Ishmuxammedov R., Abdukodirov A., Pardaev A. Ta’limda innovacion texnologiyalar. – T.: «Istédod», 2008.
2. Muslimov N., Usmonbaeva M., Sayfurov D., Toraev A. Innovacion ta’lim texnologiyalari. – T.: «Sano standart», 2015.
3. Tolipov K., Rozieva D. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. –T.: «Fan», 2019.



**REZYUME.** Ushbu maqolada boshlang‘ich sinflarda ta’lim jarayonida zamonaviy talablar asosida interfaol metodlardan foydalanishning ayrim imkoniyatlari haqida so‘z yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается некоторые особенности использования интерактивных методов в процессе обучения в младших классах.

**SUMMARY.** This article discusses some features of using of interactive methods in the learning process in primary grades.


UDK:371.036:17.02

# IJTIMOIY HAYOTDA MA’NAVIY- ESTETIK TARBIYA


**N.P.Abdimuratova –** *pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori*

*Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti*



**Tayanch so‘zlar:** psixologiya, estetika, oila, ta’lim-tarbiya, nafosat, barkamol avlod, buyuk ajdodlar.

**Ключевые слова**: психология, эстетика, семья, воспитания, гармонично-развитое поколение предков.

**Key words:** psychology, esthetics, family, education, harmonically, developed generation, ancestors.


Prezidentimizning «Agar jamiyat hayotining tanasi iqtisodiyot bo‘lsa, uning joni va ruhi ma’naviyatdir», degan fikri mamlakat taraqqiyoti uchun iqtisodiyot bilan ma’naviyatning roli naqadar ahamiyatli ekanini teran anglatadi [1]. Yangi O‘zbekistonni barpo etishning mustahkam ustuni ajdodlarimizning boy merosi va milliy qadriyatlarga asoslangan kuchli ma’naviyatdir. Har qaysi millatning o‘ziga xos ma’naviyatini shakllantirishda oila institutining o‘rni va ta’siri beqiyos. Inson xarakteri, tabiati va dunyoqarashini belgilaydigan ma’naviy mezon va estetik qarashlar - yaxshilik va ezgulik, olijanoblik va mehr-oqibat, or-nomus va andisha kabi muqaddas tushunchalarning poydevori oila sharoitida qaror topishi tabiiydir.

Oila inson uchun muqaddas maskan. Oila nafosat, go‘zallik, turmush va ta’lim-tarbiyaning boshlangich maktabi. Shuning uchun oilada ota-ona va boshqa oila a’zolarining yagona birligi bolaning ijtimoiy-ma’naviy va estetik rivojlanishiga kuchli ta’sir etuvchi tarbiyaviy tushunchasining asosini tashkil etadi. Oila turli ijtimoiy-tarbiyaviy kechinmalarning asosi bo‘lib, bu har bir insonning tabiatdan ta’sirlanishga, ko‘ra bilishga, eshita olish qobiliyatiga, ma’naviy olamini odamiylik fazilatlari bilan boyitishga imkoniyat beradi [2].

Ota-onaning, tarbiyachining bolaga ta’sir ko‘rsata olishi, bolaning ota-ona va tarbiyachi gaplariga quloq solishi, bo‘ysunishi bola qalbida ijtimoiy estetik xususiyatning yanada yaqqol ko‘zga tashlanishidan darak beradi. Buyuk pedagog Vasiliy Aleksandrovich Suxomlinskiy: «Tarbiyalanuvchiga so‘z bilan murojaat qilishdan avval uning so‘zni tushunishi, qabul qilishiga erishish lozim, ana shunda bu so‘zlar unga ta’sir qiladi. Bunday tarbiya go‘zallik tarbiyasi, xuddi mana shu go‘zallikdan foydalanish qalb fazilatini boyitadi, bola tuyg‘usini noziklashtiradi, natijada u so‘zni darrov quloqqa oladigan bo‘lib qoladi» [4]-degan edi.

Oilada har bir narsa ma’naviy go‘zallikka intilish bilan mustahkam bog‘langan bo‘lib, bolalar ma’naviy go‘zallikni his etish, tushunish, qadrlashga, eng muhimi, uni yaratishga o‘rgatiladi [2]. Bola go‘zallikni his etib va u bilan zavqlanib qalbida va xotirasida oila, Vatan ifodasi jamuljam bo‘lgan obrazlar abadiy saqlanib qoladi. Ma’naviy go‘zallik bu oliy insoniylik, har bir odamning olijanob tuyg‘ularini, samimiy munosabatlarining joni va tani hisoblanadi. Oilada bolalarning ma’naviy-axloqiy taassurotlarining to‘planishi to‘g‘risida o‘ylaymiz, ularning yuvinishi, kiyinishi, kitobga, musiqaga, radio, televideniyega munosabatlarini kuzatamiz, demak, estetiklik to‘g‘risidagi g‘amxo‘rlikning o‘zi ana shundan boshlanadi. Vaziyatning estetikligiga tabiiy va inson qo‘li bilan yaratilgan go‘zallik orqali erishiladi. Bolalik yillarida qo‘ldan boy berilgan narsaning o‘rnini keyin yoki yigitlik yillarida, yoshi bir joyga borib qolganda aslo to‘ldirib bo‘lmaydi. Bu, bolaning ayniqsa, estetik tarbiyasiga taalluqlidir. Oilada, bolalik yillarida sezgirlik, go‘zallikni idrok etish shaxs rivojlanishining keyingi davrlariga nisbatan beqiyos darajada chuqur bo‘ladi.

Ijtimoiy estetiklik - bola ma’naviyatining, hayotining butun tarkibini, uning oila a’zolari, ko‘cha-kuy, mahalla, maktab jamoalari bilan o‘zaro munosabatlarini belgilaydi. Ijtimoiy estetiklik ehtiyoj ma’naviy go‘zallikni barqaror qiladi, har qanday qabihlik, bema’nilikka nisbatan murosasizlik va nafratni yuzaga keltiradi. Bolaning ma’naviy dunyosiga har bir ta’sir uning yonginasida qandaydir boshqa ta’sir etish kuchlari turganligiga bog‘liqdir [3].

Bolalik va o‘smirlik yillarida inson o‘zida insoniy go‘zallikni his etishi, anglashi, go‘zallikdan, o‘zidagi insoniylikdan zavqlanish tuyg‘usini boshdan kechirishi juda muhimdir. Go‘zallikdan-insoniylikka, bu - tarbiya qonuniyati va axloqiy g‘oyalar asosi. Tarbiyalanuvchilar go‘zallik, olijanoblikni faqat tashqi ko‘rinishning mukammalligidagina emas, balki inson aql-zakovatining yaratuvchanligida, ayniqsa yuksak, axloqiy xatti-harakatlarida, g‘oyalarida va o‘z hayotlarida milliy istiqlol normalariga amal qilib kelayotgan kishilarning ichki dunyosida, Vatanimiz kelajagini yaratuvchi ota-ona va ustozlar tomonidan yaralgan ming-minglab qahramonliklarda ham uyg‘unlashib ketgandir va mavjud deb tushunadilar. Ota-ona va tarbiyachilar oldida yosh avlodni, avvalo barkamol inson, sog‘lom kelajak kishisi bo‘lishi vazifasi turadi. Shu tufayli estetik ideal axloqiy ideal bilan uyg‘unlashib go‘zallik to‘g‘risidagi orzu markazida inson turadi. Bu vazifalarni hal qilish muqarrar suratda bolalarda voqelikka estetik munosabatni tarbiyalashni taqozo qiladi. Bolalarning aqliy tarbiyasini o‘rganilayotgan voqea hodisalarning go‘zalligini ochib bermasdan turib, mehnat tarbiyasini, mehnat jarayonidagi go‘zalliklikni bilmasdan turib, axloqi tarkib toptirishni, xatti-harakatning go‘zalligini ko‘ra bilmasdan turib, jismoniy rivojlanishni inson gavdasining takomillashi to‘g‘risidagi tushunchalarsiz tasavvur qilib bo‘lmaydi. Shu bilan birga hayotdan, faol ijodiy faoliyatdan va ideallarga erishish uchun kurashdan ajratib olingan estetik tarbiyani ham tasavvur qilib bo‘lmaydi. Biz estetik tarbiyani hayot bilan mustahkam bog‘liq ravishda amalga oshirar ekanmiz, bolalarga o‘quv mehnati bilan jismoniy mehnatning, axloqiy kamolot bilan jismoniy kamolotning go‘zalligini ko‘rsatib berar ekanmiz, aqliy tarbiya bilan axloqiy tarbiyaning mehnat tarbiyasi bilan jismoniy tarbiyaning ancha samarali hal etilishiga yordam beramiz [2].

Bugungi zamon kishisi doimo go‘zallikka intiladi, ularning go‘zallik ideallari hayotdagi g‘oyat xilma-xil hodisalar, munosabatlar va turli san’at asarlari ta’sirida qaror topadi. Shaxsning go‘zallik bilan o‘zaro munosabati estetik idealni qamrab oladi. Estetik hissiyot kishilar hayotida katta rol o‘ynaydi. Go‘zallikni ko‘ra bilish, uni